

KOMPARASI TRADHISI ING PASAREYAN DEWI SEKARDADU DHUSUN GONDANG KABUPATEN LAMONGAN LAN DHUSUN KETINGAN KABUPATEN SIDOARJO

Maulani Yulita

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
maulaniyulita16020114011@mahs.unesa.ac.id

Octo Dendy Andriyanto, S. Pd., M. Pd

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tradhisi Pasareyan Dewi Sekardadu mujudake tradhisi kang nduweni ancas mengeti lan ngormati jasa-jasa kang wis ditindakake dening Dewi Sekardadu sarta sarana ngalap berkah para warga anggoné nyuwun gampang lancar sajroné panguripan bebrayan. Tradhisi kasebut ditindakake ana ing rong dhusun kang beda kecamatan lan kabupaten, yaiku Dhusun Gondang Kecamatan Sugio Kabupaten Lamongan lan Dhusun Ketingan Kecamatan Buduran Kabupaten Sidoarjo. TPDSG lan TPDSK ditindakake saben setaun pisan. Ancas saka punjere underan panliten yaiku ngandharake lan njlentrehake (1) mula buka TPDSG lan TPDSK, (2) makna simbol sajroné TPDSG lan TPDSK, (3) wujud komparasi kang ana sajroné TPDSG lan TPDSK, lan (4) upaya pelestarian marang TPDSG lan TPDSK.

Panliten iki nggunakake ancangan deskriptif kualitatif kalebu komparatif kanthi pendekatan budaya. Konsep lan teori kang digunakake sajroné panliten yaiku konsep etnologi budaya. Dhata panliten iki kaperang dadi loro yaiku awujud dhata lesan lan dhata tulis. Dhata lesan yaiku asil wawancara saka narasumber. Dhata tulis yaiku catetan-catetan utawa bukti dhokumentasi kang ana lan kasimpen ngenani TPDSG lan TPDSK, dene sumber dhata uga kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Tatacara analisis dhata panliten nggunakake patang tahapan yaiku transkrip dhata, verifikasi dhata, idhentififikasi dhata, lan nafsirake dhata. Patang tahapan kasebut cundhuk karo panliten TPDSG lan TPDSK sajroné ngolah informasi saka lapangan dadi sawijine asil panliten kang awujud laporan.

Asile panliten nuduhake mula buka anane TPDSG lan TPDSK nduweni sesambungan langsung karo Dewi Sekardadu lan sejarah saka dhusun kang saiki dadi papan panggong pasareyan lan ditindakake tradhisi, makna simbol kang kinandhut sajroné tradhisi sakloron diperang dadi loro yaiku saka tatalaku lan ubarampe. Makna-makna kang piningit nduweni gegayutan marang alam semesta lan prinsip sajroné panguripan bebrayan Jawa. Wujud komparasi antarane TPDSG lan TPDSK kaperang dadi rong aspek yaiku aspek pambada lan aspek kang padha. Aspek pambada kalebu saperangan bab kang luwih akeh ditemokake sajroné tradhisi sakloron tinimbang aspek kang padha. Bab kasebut jalaran ana saperangan latar sosial lan psikologi masyarakat kang beda. Upaya pelestarian kang ditindakake tumrap TPDSG lan TPDSK kaperang dadi telu yaiku *internalisasi*, *sosialisasi*, lan *enkulturasi*. *Internalisasi* yaiku upaya kang tuwuh saka dhiri individu warga, kadeleng saka para warga kanthi cara indhividu melu manyengkuyung lumakune tradhisi. *Sosialisasi* yaiku upaya pangrembakan lumantar cecaturan ing masyarakat, kalebu tumindak gotongroyong kang dilakokake warga sarwa bebarengan lan *enkulturasi* yaiku upaya kang tuwuh saka saknjabane desa lan warga yaiku saka organisasi masyarakat lan pamarintah kayadene IPNU, IPPNU, Kartar, Dina Kebudayaan lan Pariwisata lan liya-liyane.

Tembung Wigati : *Etnologi, internalisasi, sosialisasi, enkulturasi, verifikasi.*

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Bebrayan Jawa mujudake salah sijine bebrayan kang nduweni saperangan jinis budaya utawa tradhisi kang beda-beda ing saben papan. Tradhisi-tradhisi kang saiki isih ngrembaka mujudake warisan saka leluhur. Tradhisi-tradhisi kasebut bisa arupa lesan lan tumindak. Maujud

saka kearifan lokal, mula tradhisi saben papan nduweni karakteristik utawa titikan kang beda-beda lan ngandhut makna ing saben-saben babagan sajroné tradhisi.

Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan diperang dadi telung jinis yaiku (1) kabudayan suku bangsa utawa budaya dhaerah ateges kabudayan kang ana lan tuwuh

sarta ditindakake ing sajrone masyarakat ing dhaerah utawa papan tartamtu, kanthi tatacara lan tatalaku kang dilandhesi pranata sosial kang asale saka kabudayan suku bangsa; (2) kabudayan umum utawa lokal yaiku kabudayan kang ana lan tuwuh sarta ngrembaka ing sajrone masyarakat ing saben dhaerah, utawa ditindakake ana ing sawijine papan tartamtu. Tatalakune dilandhesi karo pranata sosial kang asale saka kabudayan suku bangsa; (3) kabudayan nasional yaiku kabudayan kang ana lan tuwuh jalaran warga Indonesia sarujuk tumrap kabudayan kasebut, kang biyasa dileksanani ana ing instansi, sekolah, kantor, lan lembaga Negara. Padhadene karo kabudayan sadurunge, kabudayan nasional uga nduweni tatacara, tatalaku, kang dilandhesi pranata sosial sing asale saka kabudayan suku bangsa. Kabudayan dhaerah utawa kabudayan lokal nduweni gegayutan kang rumaket banget mligine karo tradhisi utawa adat istiadat sing ngrembaka ana ing sawijine dhaerah. Adat istiadat kang ana ing sawijine bebrayan dimaknai minangka ukum lan paugeran kanthi lesan dipercaya lan dileksanani dening wargane.

Sutarto lan Sudikan (2008:1-2) ngandharake Masyarakat Jawa Timur kaperang dadi sepuluh wilayah kabudayan yaiku budaya Mataraman, budaya Panaragan, budaya Arek, budaya Samin, budaya Tengger, budaya Osing, budaya Pandalungan, budaya Madura Pulo, budaya Madura Bawean, lan budaya Madura Kangean. Masyarakat Jawa timur kang manggon ing padesan mligine akeh sing isih percaya marang tradhisi utawa ritual tartamtu kang nduweni gegayutan utawa paedah ing panguripan. Salah sijine papan ing Jawa Timur kang isih ngrembakake tradhisi leluhur yaiku Lamongan lan Sidoarjo. Kaloro papan kasebut nduweni tradhisi kang mula bukane gegayutan karo paraga kang padha yaiku Dewi Sekardadu. Ing kutha Lamongan lan Sidoarjo padha-padha ditemokake pasareyan Dewi Sekardadu, lan padha-padha ditindakake sawijine tradhisi.

Sejatine Pasareyan Dewi Sekardadu ana ing saperangan papan kang beda-beda. Saben papan nduweni crita mula buka utawa sejarah kang beda-beda uga. Dhaerah-dhaerah kang ana pasareyan Dewi Sekardadu ing antarane yaiku kutha Banyuwangi, Lamongan, Sidoarjo, Gresik, lan Surabaya. Ing Banyuwangi crita kang sumebar paling beda karo liyane, bab kasebut jalaran ana ing Banyuwangi dipercaya Dewi Sekardadu yaiku garwane Sunan Giri kamangka crita umume Dewi Sekardadu yaiku biyunge Sunan Giri lan garwane Syeh Maulana Ishaq. Liya crita karo dhaerah Surabaya, adhedhasar sejarah pasareyan kang ana ing Surabaya dipercaya ora asli Dewi

Sekardadu. Papan kasebut mujudake petilasan tapa Sunan Giri nalika rumaja dheweke kepingin weruh sapa sejatine biyungi. Banjur dheweke weruh sawijine sunaar cumlorot saka sandhuwure gunung, lan papan kasebut saiki didadekake pasareyan Dewi Sekardadu. Dene kang ana ing Sidoarjo, pasareyan kasebut dipercaya lan umum dimangerteni dening saben pawongan yen pasareyan kasebut yaiku pasareyan saka Mbok Randha Pinatih. Dheweke mujudake biyung kang nemokake Sunan Giri nalika dilarung tegese ibu angkat sing ngrumat Sunan Giri nganti dewasa. Dene ing Sidoarjo lan Lamongan dipercaya salah sijine yaiku Dewi Sekardadu asli. Saka rong kutha kasebut nduweni sejarah saka tradhisi kang ditindakake padha lan gegayutan karo Dewi Sekardadu. Ing kutha Lamongan Pasareyan ana ing dhusun Gondang kecamatan Sugio, dene ing Sidoarjo ana ing dhusun Ketingan kecamatan Buduran. Mula sajrone panliten iki, kang dikaji panliti kanggo ngonceki lan mbedakake tradhisi kang ditindakake ana ing rong papan kasebut.

Tradhisi Pasareyan Dewi Sekardadu Dhusun Gondang (dicekakake dadi TPDSG) lan Tradhisi Pasareyan Dewi Sekardadu Dhusun Ketingan (dicekakake dadi TPDSK) mujudake tradhisi kang terus dirembakake awit biyen nganti lumakune jaman ora ana pungkase. Bab kasebut jalaran rong tradhisi kasebut kalebu tradhisi kang dipantau langsung dening pamarintah nalika dilakokake. TPDSG lan TPDSK uga mujudake tradhisi kang bisa narik kawigaten wisatawan anggone ziarah lan tumut dadi peserta nalika tradhisi ditindakake. Tradhisi sakloron ditindakake saben setaun pisan. Ancas kang utama ditindakake tradhisi kasebut yaiku mengeti jasa-jasa saka Dewi Sekardadu lan sarana warga anggone ngalap berkah

Panliten iki bakal ngonceki apa kang ana sajrone TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo. Awit saka sejarah, wujud lan makna kang kinandhut sajrone tatalaku lan ubarampe tradhisi komparasi budaya kang ana sajrone tradhisi saka rong papan panggonan. Sarta upaya pangembangan kang ditindakake dening masyarakat sarta pemerintah kutha Lamongan lan Sidoarjo. Saliyane iku, diajab supaya tradhisi kasebut bisa ngrembaka, ora mung ilang prekara jaman kang saya owah. Adhedhasar apa kang wis kaadharake kasebut, mula panliti menehi irah-irahan tumrap panliten iki yaiku *Komparasi Tradhisi Ing Pasareyan Dewi Sekardadu Dhusun Gondang Kabupaten Lamongan Lan Dhusun Ketingan Kabupaten Sidoarjo*.

Panliten iki nggunakake tintingan etnologi budaya lan etnologi konsep bandhingan kang diandharake dening Endraswara, jalaran sajrone TPDS ing kutha Lamongan lan Sidoarjo nduweni babagan kang manjila, saengga dadi pambada lan pepadhan kalorone. Panliten iki kalebu panliten dheskriptif komparatif jalaran nlinti bab kang dadi pepadhan lan pambada ngenani sawijine kabudayan kang katujokake marang wujud, makna, tatalaku, pambada, pepadhan, sarta upaya pangrembakan. Dheskriptif komparatif digunakake kanggo mbandhingake loro utawa luwih saka kabudayan kanthi cara ndeleng panyebab lan unsur kabudayan kang dadi konteks panguripan dening masyarakat. Panliten iki bakal ngandharake analisis mula buka utawa sejarah struktur legendha, makna simbolis kang ana sajrone tradhisi, komparasi utawa bandhingan saka rong tradhisi kasebut, lan upaya pangrembakan kang ditindakake kanggo nglestarekake TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.

1.2 Uderan Panliten

Adhedhasar lelandhesan kasebut, bisa dijupuk dudutan underan panliten ing antarane yaiku:

- 1) Kepriye dheskripsi sejarah utawa mula bukane TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo?
- 2) Kepriye makna simbolis sajrone TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo?
- 3) Kepriye komparasi TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo?
- 4) Kepriye upaya pangrembakan TDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo?

5)

1.3 Tujuan Panliten

Adhedhasar undern panliten ing ndhuwur, mula tujuan panliten yaiku:

- 1) Ngandharake sejarah utawa mula bukane TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
 - 2) Ngandharake makna simbolis sajrone TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
 - 3) Ngandharake komparasi TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
 - 4) Ngandharake upaya pangrembakan TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
- 5)

1.4 Paedah Panliten

Paedah saka nindakake panliten TPDSG lan TPDSG kaperang dadi loro yaiku:

1.4.1 Paedah Teoretis

Kanthi cara teoritis panliten diajab bisa nyumbang kawruh ngenani etnologi budaya minangka cabang ilmu antropologi kang wis arang digunakake sajrone panliten budaya, kayadene TPDSG Lan TPDSK.

1.4.2 Paedah Praktis

1) Kanggo Masyarakat

Panliten iki bisa digunakake minangka dhokumentasi, tumrap masyarakat kutha Lamongan lan Sidoarjo, supaya tansah nguri-uri lan ngrembakake tradhisi, minangka karakteristik, titikan saka rong bebrayan sakupeng pasareyan, sarta bisa aweh tandha lan bukti tulis yen bebrayan saka rong dhusun saka rong kabupaten kasebut nduweni kadudayan kang saemper.

2) Kanggo Pendhidhikan

Minangka *referensi* kabudayan Jawa tumrap piwulang Basa Jawa ing sekolah. Panliten iki dikarepake bisa ningkatake kuwalitas pendhidhikan lan pamawase siswa ngenani kabudayan Jawa, sing mesthine isih diugemi lan dirembakake ana ing panguripan bebrayan. Saengga kanggone siswa ora mung saka crita sesepuh ananging ana sawijine panliten kang mbahas bab TPDSG lan TPDSK.

1.5 Wewatesane Panliten

Tujuan anane wewatesan panliten yaiku supaya ora uwal lan trep saka konsep kang wis karonce saka wiwit nganti pungkasan panliten, ing antarane yaiku:

- 1) Ngrembug bab sejarah utawa mula bukane TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
- 2) Makna simbolis sajrone TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
- 3) Komparasi (bandhingan) TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.
- 4) Upaya pangrembakan TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Panliten-panliten saemper kang wis tau katliti kasebut minangka rujuk silang sajrone panliten iki, ing antarane yaiku:

- 1) Agnes Dina Sari (2014) ngenani *Kesenian Bantengan ing Tlatah Kabupaten Kediri lan Kabupaten Mojokerto (Antropologi Simbolik)*. Panliten kasebut ngandharake bab mula bukane bantengan saka seni silat utawa olah kanuragan bela dhir, tatarakit lan tatalaku kang wajib dilakokake ing papan kang amba sarta tinarbuka, uga dipengeti saben acara tartamtu mligine ing Kabupaten Kediri. Sajrone panliten kasebut luwih kabahas bab kepriye adicara kasebut lumaku. Kesenian Bantengan kasebut ora mung

ditindakake ana ing salah sijine papan wae, ananging ana rong papan sing isih ngecakake kesenian kasebut ing antarane yaiku Kediri lan Mojokerto. Saka rong papan kasebut tamtu nduweni pepadhan lan pambada sing bisa digunakake minangka kajian sajrone panliten. Antropologi simbolik uga mujudake cabang ilmu budaya sing luwih nengenake bab simbol kang ana sajrone sawijine kesenian utawa tradhisi.

- 2) Sururi Nur Susanti (2019), *Tradhisi kebo-Keboan ing Desa Alasmalang lan Tradhisi Keboan ing Desa Aliyan Kabupaten Banyuwangi (Etnologi Budaya)*. Panliten iki ngandharake wujud komparasi antarane TKK ing desa Alasmalang lan TK ing desa Aliyan, anane wujud lan makna, sarta kepriya upaya kang ditindakake dening warga lan pamerintah kanggo nglestarikake tradhisi kasebut. Bab kang sambung sinambung antarani siji lan sijine, ora kena dipisahake. Kalorone mujudake tradhisi kang nduweni ancas yaiku ngucap rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa, saliyane iku para warga anggane nindakake tradhisi kasebut kagolong nguri-uri budaya, nglestarikake warisan sacara turun tumurun supaya para kawula mudha isi tetep ngugemi apa kang dadi warisan leluhur. Tradhisi keboan lan kebo-keboan mujudake tradhisi sing bisa diarane padha jalaran saka jejuluk lan tatalaku sing ora beda banget, nanging jalaran dumadi ing rong papan kang beda, mula tetep nduweni bab sing bisa dibandhingake lumantar pepadhan lan pambada kalorone.
- 3) Rama Ditya Pranandha Yudha (2017), *Tradhisi Sinongkelan ing Desa Prambon Kecamatan Tugu Kabupaten Trenggalek (Tintingan Budaya)*. Asile panliten yaiku ngandharake mula bukane Tradhisi Sinongkelan sing wiwit saka wewale kanjeng Sinongkel supaya saben taun dianakake bersih desa nalika sasi sela dina jemuwah legi, kang nduweni tujuwan yaiku bersih badane para manungsa sacara lair lan batin. Sajrone panliten iku uga diandharake saperangan tatalaku sarta ubarampe saka tradhisi Sinongkelan, wujud saka tradhisi kasebut yaiku kayata tradhisi nyadran biyasane. Jalaran kang ditintingi yaiku budaya mula kang kabahas yaiku seluk beluk saka tradhisi kasebut, wiwit saka mula buka, tatalaku, ubarampe, sarta sakabehe bab sing bisa anyengkuyung lumakune acara tradhisi Sinongkelan kasebut.
- 4) Denok Nastiti Perdani (2013), *Budaya Islam Di Suriname (Studi etnologi budaya lokal dan Islam)*. Panliten kasebut ngandharake saperangan bab ing antarane yaiku kapan wong Jawa Islam migrasi menyang Suriname, kahanan varian Islam Abangan

lan Islam Santri ing Suriname, lan kepriye pangrembakane umat Islam Jawa santri ing Suriname. Intine etnologi budaya ing kene digunakake kanggo nggoleki varian yaiku babagan pambada lan pepadhan saka rong jinis budaya Islam kang ngrembaka ing Suriname.

- 5) Iriani Tahiaung (2015), *Nilai Budaya Dalam Lagu-Lagu Daerah Talaud Pada Tradisi Matunjuka (suatu analisis etnologi budaya-linguistik)*. Panliten kasebut ngrembag rong bab kang dadi punjering underan panliten yaiku ngidentifikasi unsur basa saka lelagon sajrone tradhisi Matunjuka, lan nilai budaya kang kinandhut sajrone tradhisi. Saliyane nggoleki pepadhan lan pambada, etnologi budaya uga digunakake kanggo nggoleki nilai kabudayan sajrone tradhisi tartamtu.

Adhedhasar panliten sing wis tau dirtindakake sadurunge, mula ing kene sing bakal dileksanani yaiku panliten ngenani tradhisi kang dilakokake ana ing pasareyan Dewi Sekardadu. Panliten iki nduweni punjeran ing sejarah anane TPDSG lan TPDSK, makna simbolis kang kaandhut sajrone tatalaku uga ubarampe, aspek komparasi arupa pambada lan pepadhane TPDSG lan TPDSK, lan upaya pelestarian budaya kang ditindakake masyarakat lan pemerintah ing kabupaten Lamongan lan Sidoarjo marang TPDSG lan TPDSK.

2.2 Konsep Budaya

Kabudayan nuduhake yen manungsa nduweni kodrat kang padha suku, bangsa, uga ras (Maran, 2007:15). Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan diperang dadi telung jinis yaiku (1) kabudayan suku bangsa utawa budaya dhaerah ateges kabudayan kang ana lan tuwuh sarta ditindakake ing sajrone masyarakat ing dhaerah utawa papan tartamtu, kanthi tatacara lan tatalaku kang dilandhesi pranata sosial kang asale saka kabudayan suku bangsa; (2) kabudayan umum utawa lokal yaiku kabudayan kang ana lan tuwuh sarta ngrembaka ing sajrone masyarakat ing saben dhaerah, utawa ditindakake ana ing sawijine papan tartamtu. Tatalakune dilandhesi karo pranata sosial kang asale saka kabudayan suku bangsa; (3) kabudayan nasional yaiku kabudayan kang ana lan tuwuh jalaran warga Indonesia sarujuk tumrap kabudayan kasebut, kang biyasa dileksanani ana ing instansi, sekolah, kantor, lan lembaga Negara. Padhadene karo kabudayan sadurunge, kabudayan nasional uga nduweni tatacara, tatalaku, kang dilandhesi pranata sosial sing asale saka kabudayan suku bangsa.

Adhedhasar sakabehe panemu kang wis diandharake ana ing ndhuwur, bisa dijupuk dudutan yen kabudayan yaiku nilai, norma, kabiasaan mujudake struktur sosial ngenani solah bawa, tatalaku, tindak tanduk, uga watak

wantu masyarakat minangka panyengkuyung sarta panyawiji idhe kang dadi pamikire manungsa banjur diwarisake uga ditindakake kanthi cara turun-temurun tumrap generasi sabanjure. Kabudayan kang ana ing kabupaten Lamongan lan kabupaten Sidoarjo kang ana lan tuwuh sajrone panguripan salah sijine yaiku tradhisi nyadran kang digelar ana ing pasareyan Dewi Sekardadu kabupaten Lamongan lan Sidoarjo. Tradhisi kasebut mujudake tradhisi kang wis digelar wiwit jaman biyen, mula dirembakake minangka warisan leluhur.

2.3 Tradhisi lan Adat Istiadat

Tradhisi yaiku salah sijine adat, kapitayan lan liya-liyane kang diwarisake saka leluhur (Poerwadarminta, 1976:108). Tradhisi kang diwarisake para leluhur kasebut, isih ditindakake masyarakat nganti jaman saiki. Adat lan kapitayan kasebut dirasa minangka samubarang sing nduweni piguna. Koentjaraningrat (1987:5) ngandharake yen adat bisa diarani wujud kang lumrah saka salah sijine kabudayan sing uga nata tumindake manungsa. Mula tradhisi kerep banget digayutake karo adat istiadat sajrone panguripan bebrayan Jawa, jalaran adat yaiku tumindak kang lumrah dilakone wiwit biyen (Poerwadarminta, 1976:15). Miturut Rendra (1984:3) tradhisi mujudake pakulinan kanthi cara turun-temurun ing panguripan bebrayan. Tradhisi minangka piranti sajrone panguripan sosial bebrayan mbiyantu lancare pangrembakan saben indhividhu.

TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo wis ana lan ditindakake awit jaman biyen sarta dileksanani kanthi cara turun tumurun saka leluhur kang isih dirembakakake dening masyarakat nganti jaman siki, saengga tradhisi kasebut kalebu adat istiadat. TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo minangka kagiyatan kang biyasa ditindakake masyarakat saben taun sapisan, banjur saka kahanan sing kaya mangkono ndadekake kabiyasan kang ana ing sajrone panguripan bebrayan. Tradhisi iki dilaksanani kanggo resik desa, sarta minangka pakurmatan tumrap jasa-jasane Dewi Sekardadu.

2.4 Konsep Masyarakat lan Etnis Jawa

Ahmadi (1986:97) ngandharake masyarakat mujudake kumpulane manungsa sing nduweni tatanan urip, norma-norma, nilai-nilai, adat istiadat kang diugemi sajrone panguripan bebrayane. Masyarakat yaiku panyengkuyung utama sajrone lumakune tradhisi lan adat istiadat. Masyarakat ora bisa uwal saka kabudayan, kalorone nduweni gegayutan kang gandheng rumaket karo individu, masyarakat, lan kabudayan. Koentjaraningrat (1990: 144) ngandharake masyarakat mujudake kumpulaning manungsa kang nglakone interaksi sosial lan pasrawungan

ana sawijine papan tartamtu. Papan kasbeut mligine ing pulo Jawa. saben masyarakat kang kakumpul ana ing sawijine papan lan nduweni sawijine konsep bebrayan arupa norma, tradhisi, kabudayan, lan liya-liyane kasebut etnis.

Etnis asale saka tembung Yunani "*ethnos*" tegese bangsa, kanthi cara harfiah etnis yaiku kelompok kang kanthi cara sosial bisa dibedakake lan diperang miturut titikan-titikan budaya kang dianut sarta digawe ing sajrone panguripan etnis kasebut, tuladhane etnis kang manggon ing pulo Jawa bisa kasebut etnis Jawa. Etnis Jawa kalebu salah sijine etnis kang isih ngugemi lan ngrembakake tradhisi-tradhisi Jawa. Kabudayan minangka perangan kang dadi dhasar utawa lelandhesan panguripan sarta titikan etnis masyarakat kang ora ana wujud nanging isih terus lumaku sarta nduweni pengaruh marang saben individu sajrone panguripan bebrayan.

Kahanan masyarakat ing dhusun Gondang lan dhusun Ketingan kalebu masyarakat kang isih nduweni kapitayan ngenani para leluhur utawa cikal bakal kang miwiti mbaureksa dhusun kang ndadekake masyarakat nglakoni adat kang wis diwarisake dening leluhur. Manungsa minangka salah sijine alat utawa paraga panyengkuyung sarta kudu bisa ngrembakakake kabudayan kang wis ana, supaya kabudayan kasebut ora ilang saka tanah Jawa. Semana uga salah sijine TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo kang isih diletarekake. Masyarakat dhaerah kasebut ndadekake tradhisi kasebut minangka pathokan urip ing alam donya.

2.5 Konsep Etnologi Budaya

Etnologi mujudake cabang ilmu antropologi kang nyinaoni kabudayan-kabudayan kang ngrembaka ana ing jaman saiki, kang diduweni dening sawijine suku bangsa, sarta gayutan antarane kabudayan siji lan kabudayan liyane. Haviland (sajrone Endraswara, 2015:7) njlentrehake yen etnologi yaiku cabang antropologi kang nyinaoni kabudayan sawijine etnis saka sudhut pandhang komparatif utawa historis. Etnologi Jawa tegese ilmu kang nyinaoni perbandhingan budaya Jawa, wiwit saka aspek historis utawa sejarah, sosiologis, psikologis, lan saka aspek liyane.

Konteks etnologi ora mung ndheskripsikake budaya, nanging uga mbandhingake, nemtokake tetenger, jlentrehake titikan saka budaya lan tradhisi. Tuladhane TPDS Dhusun Gondang Kabupaten Lamongan Lan Dhusun Ketingan Kabupaten Sidoarjo kang nduweni pepadhan lan pambada sajrone tatalaku lan sejarah sarta cara mangerteni bebrayane.

2.6 Konsep Bandhingan Budaya

Budaya saben etnis bisa dibandhingake karo budaya etnis liyane. Mbandhingake kanggo nemokake aspek-aspek kang saemper kang kasebut varian. Andharan Endraswara (2015: 75), varian kasebut ditemokake kanthi ancas mangerteni sepira padha lan bedane sawijine budaya. Sajrone konteks iki, bisa dumadi evolusi lan difusi sawijine budaya. Kaloro bab kasebut bisa nuwuhake migrasi budaya. Migrasi budaya kena anane bandhingan budaya. Mula saka iku bandhingan budaya lumrah ditindakake, kanggo nemokake esensi kabudayan etnis. Bab kasebut cundhuk karo pamanggihe Maryaeni (2005:27) sawijine teknik kang digunakake kanggo mbandhingake wujud saka kabudayan siji karo kabudayan liyane, kang salah sijine bisa maujud saka varian kabudayan utama. Komparasi katujokake kanggo ndheskripsikake aspek kang beda kanthi cara nonsubstansial.

Titikan saka panliten komparasi yaiku nduweni sipat dhata kang dikumpulake, mujudake dhata kang diantuk sawise kadadeyan dilaksanakake. Panliti nguji dhata kanthi nliti menyang rikala biyen kanggo nggoleki sebab musabab utawa sejarah, saha gayutan lan maknane. Bandhingan budaya iki sipate relatif, tegese bisa digunakake kanggo mahami lan mangerteni werna-werna budaya kang diduweni saben etnis. Komparasi ditindakake kanggo mbandhingake objek utamane ngenani titikan-titikan kang ana sajrone objek tradhisi yaiku TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo yaiku awit sejarah utawa mula bukane tradhisi, tatalaku, ubarampe lan piranti, lan liya-liyane kang ana sajrone bebrayan. TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo dibandhingake lumantar pepadhan lan pambada

2.7 Konsep Simbol Lan Makna

Miturut Herusatoto (1988: 14-17) simbol yaiku sawijine bab utawa kadadeyan kang mimpin pangerten subyek marang obyek, pangerten kasebut kalebu sakabehe bab kang kinandhut ing jerone. Makna simbolis ing masyarakat tradhisional biyasane kebak karo bab-bab kang asipat *supranatural* sing isih diugemi lan angel kanggo ditinggalake tanpa pawadan lan sebab musabab kang cetha. Panliti anggone ndhudhah sawijine makna kang kinandhut sajrone kabudayan mesthi nengenake aspek hermeneutik saka panliti. Miturut Paul Ricoeur (Jurnal D. Rahman. Vol. 20) penafsir menahi konteks anyar marang sawijine bab utawa prastawa laras karo cakrawala utawa kawruh saka penafsir utawa panliti dhewe. Kanthi cara kasebut, pawongan hermeneut bakal menahi relevansi anyar marang konteks sing kalebu bab wis kuna, sarta ndhudhah saperangan makna kang ora ana watese.

Sipat saka panliti minangka hermeneut uga diandharake dening Maryaeni (2005:48) ngenani perspektif analisis struktural semiotik budaya kang nuduhake anane gandheng rakete antarane pengalaman konkret kang diantuk kanthi pawujudan realitas lumantar lambang kabasan, nanging ora mung basa bisa uga gambaran kadadeyan, konteks sosial budaya, histori utawa sejarah, lan saperangan acuan liyane. Tuladhane sawijine barang bisa dimaknani dan dipercaya nduweni makna tartamtu kanthi wujud sastra lesan kang ngrembaka ing masyarakat jalaran ana mula buka ing jaman biyen bisa arupa kadadeyan lan liya-liyane. Kaya kang sajrone TPDSG Kabupaten Lamongan Lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo kena dimaknani lumantar tatalaku lan ubarampe kang digunakake sajrone tradhisi.

2.8 Upaya Nglestarekake Kabudayan

Ngletarikake budaya yaiku sawijine upaya kang ditindakake masyarakat kanggo nguri-uri utawa tetep ngrembakake sawijine budaya utawa tradhisi tartamtu kang wis ana wiwit biyen, supaya ora ilang tur kena dirasakake dening para generasi panerus. Adhedhasar andharan saka Koentjaraningrat (2010: 185-189) bab utawa unsur sing kudu digatekake sajrone nglestarekake kabudayan yaiku (1) *Internalisasi* yaiku upaya nglestarekake kabudayan lumantar rasa kang dinsuweni manungsa, antarane hasrat, nepsu, lan emosi sarta rasa sing ora puas saengga tuwuh rasa nglestarekake saka awake dhewe lan tradhisi; (2) *Sosialisasi* yaiku sawijine proses kang ditindakake kanthi cara turun-temurun kang wis ditindakake uga wiwit jaman biyen nganti saiki; (3) *Enkulturasasi* yaiku mujudake pengaruh saka masyarakat liya sajabane, kang melu anyengkuyung tradhisi lan melu nglestarekake tradhisi kabudayan dhaerah tartamtu.

2.9 Lelandhesan Analisis

Teori kapisan yaiku teori etnologi budaya kang diandharake dening Endraswara. Etnologi budaya kang kabahas ngenani kajian rong tradhisi sing kena dibandhingake lumantar tatalaku, ubarampe lan piranti, mula buka utawa sejarah, tujuwan anane budaya, sosiale bebrayan sarta kajiwanan masyarakat marang kabudayan kasebut. Bandhingan budaya digunakake kanggo nemokake bab kang ameh padha kasebut varian. Varian kang ditemokake bisa nuduhake sepira pepadhan lan pambada saka rong budaya kang katliti (Endraswara, 2015: 75).

Kapindho yaiku nintingi aspek bentuk lan makna sajrone tradhisi kang diupamakake minangka simbol, lumrahe ditemokake ana ing piranti, ubarampe, lan tatalaku sajrone tradhisi. Teori makna lan simbol kang digunakake yaiku saka teori Hermeneutik dening Paul Ricoeur lan semiotik budaya dening Maryaeni.

Katelu mujudake upaya masyarakat desa Gondang kabupaten Lamongan lan desa Sawahan kabupaten Sidoarjo kanggo ngletarikake tradhisi pasareyan Dewi Sekardadu. Landhesan minangka teori kang digunakake panliti sajrone nliti upaya pangrembakan kabudayan yaiku andharan Koentjaraningrat (2010: 185-189) kang kaperang dadi telu (1) Internalisasi; (2) Sosialisasi; lan (3) Enkulturasasi.

METODHE PANLITEN

Proses panliten TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo nggunakake metodhe deskriptif komparatif kanthi pendhekatan kualitatif. Nazir (2005:45) ngandharake dheskriptif mujudake metodhe sajrone panliten ngenani status kelompok bebrayan, sawijine objek, sawijine kahanan, sawijine sistem pamikir, utawa sawijine kadadeyan ing jaman saiki. Ancas saka panliten dheskriptif yaiku kanggo ndheskripsikake utawa nggambarake kanthi cara sistematis, faktual, lan akurat ngenani kanyatan, sipat sarta gayutan saben fenomena kang diteliti sajrone bebrayan. Sajrone metodhe dheskriptif panliti bisa mbandhingake fenomena-fenomena tartamtu saengga mujudake studi utawa kajian komparatif.

Miturut Haviland (sajrone Endraswara, 2015: 2) etnologi kuwi kudu perspektif holistic tegese panliti kudu mangerteni budaya etnis kanthi cara komparatif, bab kasebut cundhuk karo andharane Denzin lan Lincoln (Sajrone Maryaeni 2005:3) *Qualitative research is a field of inquiry in it's right. It crosscuts diciplines, field, and subject matter*. Metodologi Kualitatif saka walike wawasan positivistic, yaiku ngupaya mangerteni lan mahami *fact* kang ana sawalike kanyatan, kang bisa dideleng karo indra kanthi cara langsung. Sajrone istilah metodologi kualitatif, *fact* kang an ing suwalike kanyatan kasebut *verstehen*. Ukara kasebut menehi gambaran yen panliten kualitatif minangka sarana nemokake pahan wujud kagiyatan kang kasusun saka saperangan wawasan utawa kawruh, disiplin, uga filosofi laras karo kompleksitas pokok underan utawa masalah kang digarap.

Panliten TPDSG Kabupaten Lamongan lan TPDSK Kabupaten Sidoarjo diayahi adhedhasar kanyatan kanthi dhasar komparasi saka rong tradhisi kasebut. Panliten iki jlentrehake kabeh tetembungan utawa informasi nganani TPDSG lan TPDSK lumantar informan utawa narasumber. Ing metodhe kang wis dipilih iki panliten kudu bisa trep anggone nerapake ing lapangan wiwit nggolek dhata kanthi cara nyawang, nyathet, lan ngrungokake informasi saka narasumber, saengga panliten bisa dipertanggungjawabake.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

4.1 Gegambarane Desa Gondang Kabupaten Lamongan lan Desa Sawohan Kabupaten Sidoarjo

Sadurunge ngrembug TPDSG lan TPDSK luwih jero, panliti bakal njlentrehake kahanan Dhusun Gondang lan Dhusun Ketingan adhedhasar dhata etnografi pamerintah Kabupaten Lamongan lan Kabupaten Sidoarjo.

4.1.1 Kahanan Alam Desa Gondang lan Desa Sawohan

Panggonan geografis perlu diandharake kanggo mangerteni desa lan kabudayan dhaerah kang isih dilestarekake, kang diteliti kanggo mangerteni wates panggonan desa kang nglakoni tradhisi kasebut. Desa Gondang lan Desa Sawohan mujudake rong desa beda kabupaten ananging nduweni sawijine tradhisi kang padha awit saka histori utawa sejarah kang padha uga minangka dhasar panyengkuyung anane tradhisi.

Desa Gondang manggon ing sisih tengah kecamatan Sugio. Mujudake salah sijine desa kang paling makmur, jalaran kahanan alame. Desa Gondang umume kasebut Desa Gondang Lor. Desa Gondang winatesan karo desa Deketagung, Kalitengah, Sidorejo lan Kedungbanjar. Adhedhasar sumber saka data monografi desa, Desa Gondang nduweni jembar tlatahe yaiku 9.443 Ha utawa 94,43 km² kang kaperang dadi rong dhusun dhusun yaiku Gondang Lor, dhusun Gondang tengah, sawah, tegalan, alas jati, saperangan pekarangan, lan liya-liyane.

Desa Sawohan yaiku salah sijine desa kang ana ing Kabupaten Sidoarjo, mligine siji saka limalas desa kang ana ing Kecamatan Buduran, 8 kilometer saka Kecamatan Buduran. Desa Sawohan yaiku desa pojok paling lor kang panggonane wewatesan karo segara saengga pangupajiwa saka masyarakate yaiku tani tambak, utawa misaya mina. Desa Sawohan kaperang dadi rong dhusun yaiku dhusun Kepetingan lan dhusun Sawahan, nduweni wisata, tambak-tambak, lan fasilitas umum liyane. Miturut sumber saka dhata LPPD Desa Sawohan, ambane tlatah yaiku 940, 594 Ha lan ambane papan minangka pemukiman warga yaiku 10, 844 Ha. Jarak Desa Sawohan menyang pusat pamerintah kabupaten yaiku 12 km. Desa sawohan wewatesan karo saperangan desa yaiku sisih lor Desa Damarsi, Desa Pepe, lan Desa Kalang Anyar. Sisih kidul wewatesan karo Desa Sekardangan, Desa Pucanganom, lan Desa Prasung. Sisih kulon diwatesi karo Desa Prasung lan Desa Damarsi. Dene sisih wetan diwatesi karo Desa Kalanganyar lan segara.

4.1.2 Gegayutan Kahanan Dhusun lan Tradhisi

Gegambarane Desa Gondang lan Desa Sawohan nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapitayan masyarakat kang wis turun tumurun. Kapitayan kang ngrembaka kasebut agawe para warga kanggo tetep percaya lan njaga kahanan alam sakupenge. Minangka panyengkuyung pangrembakane crita lisan kang arupa

histori utawa sejarah saka papan kasebut. Gayutane TPDSG lan TPDSK karo desa yaiku minangka medhia kanggo ngucapake rasa sukur saka sakabehe asil kang diolehi sawise nindakake pakaryan ing desa sakloron.

Gegambarane alam Desa Gondang lan Desa Sawohan uga nduweni gegayutan karo TPDSG lan TPDSK. Awit saka ubarampe lan tatalaku kang ditindakake ana ing desa, ubarampe kang digunakake mujudake asil saka tetanem lan bab kang disediyakake saka alam, alam minangka bab kang nyengkuyung anane tradhisi kasebut. Saliyane gegambaran alam, bab kang uga gegayutan karo TPDSG lan TPDSK yaiku pangupajiwa. Pangupajiwa mujudake sabab musabab tradhisi kasebut ditindakake lan dirembakake. Pangupajiwa pendhudhuk sing luwih akeh minangka tani lan misaya mina, ndadekake warga percaya yen kanthi anane panggalaran TPDSG lan TPDSK bisa menahi gampang lancar anggone makarya sabanjure, saengga kanthi anane pakaryan kasebut uga dadi faktor utama TPDSG lan TPDSK kudu dila

Sabanjure yaiku kahanan pendhudhuk kang ana ing Desa Gondang lan Desa Alasmalang. Pendhudhuk Desa Gondang lan Desa Sawohan sing isih percaya lan ngugemi budaya lan tradhisi. Budaya lan tradhisi kasebut minangka warisan leluhur saka pangarsa desa sakloron. TPDSG lan TPDSK mujudake tradhisi kang wajib ditindakake saben taun ing Desa Gondang lan Desa Sawohan. Saka cacah pendhudhuk Desa Gondang lan Desa Sawohan, utamane para sesepuh nindakake tutur tinular tumrap para kawula mudha supaya ana pawongan kang nerusake tradhisi kasebut utawa *regenerasi*. Miturut pendhudhuk desa TPDSG lan TPDSK ditindakake kanthi ancas yaiku rasa sukur utamane asil panen lan sakabehe bab kang wis diantuk sawise nindakake pakaryan, kanggo mengeti jasa-jasane Dewi Sekardadu.

Kahanan sabanjure minangka bab kang wigati anane TPDSG lan TPDSK yaiku pendhidhikan pendhudhuk Desa Gondang lan Desa Sawohan. Senadyan ana saperangan saka cacah pendhudhuk kang dadi sarjana, bab kasebut luwih-luwih ora dadi bab kang ngrendheti anggone ngrembakake TPDSG lan TPDSK. Jalaran pawongan kasebut tansah sadhar yen tradhisi kasebut kudu diuri-uri supaya kawula mudha lan anak turun sesuk tetep mangerteni budaya saka nenek moyange yaiku budaya Jawa lumantar TPDSG lan TPDSK.

Agama lan sistem kapercayan mujudake bab kang uga anyengkuyung anane TPDSG lan TPDSK. Pendhudhuk Desa Gondang lan Desa Sawohan sing rata-rata nganut agama Islam kejawen. Saengga pendhudhuke saliyan nindakake paugeran lan pretahe agama, uga ngrembakake TPDSG lan TPDSK minangka warisan leluhur sing dipercaya maujud saka rasa syukur saka asile nindakake pangupajiwa saengga pikantuk berkah kanggone gesang ing bebrayan.

4.2 Mula Bukane TPDSG Lan TPDSK

Saben kabudayan utawa tradhisi kang ana ing sawijine papan, mesthi nduweni crita mula buka utawa sejarah kang asale saka kapitayan bebrayan papan kasebut. Kaya dene TPDSG lan TPDSK kang nduweni crita miturut versi lan kapitayane masyarakat desa.

4.2.1 Mula Bukane TPDS Versi Dhusun Gondang

TPDSG kurang luwihe diwiwiti nalika taun 1917 Masehi. Nalika ing tahun 1430-an Dewi Sekardadu wis teka menyang Gondang, panjenengane nggelar slametan cilik-cilikan kanggo syukuran, supaya apa kang bakal ditindakake ana ing panguripan bebrayan iki pikantuk lancar, uga anggene nularake ajaran Islam, tansah digugu lan ditiru, paling ora diajeni dening masyarakat sakupenge. Dewi Sekardadu njaluk tulung marang kabayan kanggo ngundang para warga supaya teka menyang pasanggrahane nindakake slametan. Kabayan kasebut ngleksanakake apa kang dadi panjaluke Dewi Sekardadu, nanging ora ana pawongan situka sing gelem teka menyang panggonane Dewi Sekardadu, amarga mengeti pawongan kang nggelar acara kasebut randha, saengga kaanggep ora nduwe apa-apa.

Dewi Sekardadu kang sadhar bab kasebut, banjur nyabda misuna marang Kabayan lan warga sing ora gelem teka kamangka diundang. Isi saka dhawuhe Dewi Sekardadu yaiku slametan iki mujudake rasa syukur, lan sedekah, dene pawongan kang nampa sedekah kuwi mujudake rejeki kang barokah, nanging anane ora teka ateges nolak rejeki mula Dewi Sekardadu nyabda yen sesuk bakale angel utawa seret rejekine Kabayan lan para warga. Pungkasane warga Gondang kena musibah yaiku ora anane sumber banyu nalika wayah ketiga. Adhedhasar katrangan narasumber, anane Dewi Sekardadu ing papan Gondang iku bebarengan karo bupati wiwitan kutha Lamongan yaiku Ronggohadi. Ronggohadi mujudake murid saka Sunan Giri, sing ora liya putrane Dewi Sekardadu. Dewi Sekardadu ora tega, nyawang para warga sing padha nandhang susah. Pungkasane dheweke njaluk tulung karo Ronggohadi kepriye carane supaya bisa nulung lan makmurake warga Gondang. Banjur Ronggohadi minangka murid saka Sunan Giri, dheweke diwenehi sawijine tombak. Tombak kasebut kudu diencepake ana ing papan amba saknjabane pasanggrahan. Sawise tombak diencepake lan dijabat tuwuh sumber banyu sing deres banget. Para warga Gondang padha bungah. Lan saiki papan kasebut kerep dianggo wisata yaiku wadhuk Gondang.

Awit saka iku warga Gondang padha nduweni rasa getun, lan nduweni rasa salah marang Dewi Sekardadu. Saka kadadeyan kasebut, para warga sadhar menawa musibah ora anane sumber banyu nalika ketiga kuwi disebabake rasa kuciwane Dewi Sekardadu jalaran ora diajeni nalika nggelar slametan. Pungkasane, kanggo mujudake rasa syukur warga Gondang padha nggelar slametan bareng-bareng ing plataran, saengga ing jaman

saiki kasebut nyadran utawa tradhisi pasareyan Dewi Sekardadu.

4.2.2 Mula Bukane TPDS Versi Dhusun Kepetingan

TPDSG dipangarsani dening pawongan sing nemokake jisime Dewi Sekardadu. Pawongan kasebut mujudake misaya mina kang lagi golek iwak kaya biyasane, nanging dheweke krasa ana sing kepenak, banjur ngangkat jaringe. Dheweke kaget nalika mangerteni ana jisim, wadon, kang digawa minggir karo grombolan iwak keting. Ing jaman semana warga sakupeng percaya yen jisim kasebut mujudake Dewi Sekardadu kang nggoleki putrane. Banjur para warga ngubur ing sawijine papan. Awit saka rasa percayane warga yen kuwi Dewi Sekardadu, pungkasane nggelar acara slametan kayadene slametan mati. Saka ditindakake slametan kuwi warga padha gampang lancar anggone golek iwak.

Warga kasebut percaya saka gampang anggone nindakake pakaryan disebabake barokah saka Dewi Sekardadu. Anane jisim Dewi Sekardadu sing padha digawa dening iwak keting ing papan iku menahi berkah kanggo para warga mula papan kasebut jejuluk Ketingan utawa Kepetingan. Para warga kang uga pangupajiwane minangka misaya mina padha kepengen antuk berkah saka panindake TPDSK. Pungkasane akeh para warga kang melu nindakake tradhisi kasebut, saengga nganti saiki TPDSK taksih dileksananani.

4.3 Aspek Makna Simbolis Sajrone TPDSG Lan TPDSK

Aspek makna simbolis kang kinandhut ing TPDSG lan TPDSK ngandharake ngenani tatalaku lan ubarampe kang ana ing sajrone TPDSG lan TPDSK

4.3.1 Makna Simbolis Kang Kinandhut ing Tata Laku TPDSG lan TPDSK

Tatalaku minangka sawijine peranan kang wigati sajrone tradhisi tartamtu. Tatalaku yaiku kabiasaan kang dianggep dadi tatacara anggone nglakoni jejibahan tartamtu kang wis ditrima lan dadi kaidah-kaidah aturan kang wis dipercaya uga dilakoni ing sajrone panguripan ing masyarakat. Kayadene Tatalaku utawa urutan kang dilakoni ing sajrone TPDSG lan TPDSK.

4.1.3.1 Tahlil

Tahlil mujudake adicara sepisanan sajrone TPDSG lan TPDSK kang ditindakake ana ing dina kemis, kawiwitan tabuh sanga esuk. Wujud manembah marang Gusti, nyuwun dedonga tumrape wong kang wis seda lan sing isih urip. Kanggone wong kang wis seda utamane yaiku Dewi Sekardadu, para leluhur lan kulawarga-kulawarga para masyarakat sakupeng sarta liyane, supaya tansah kaparinga papan kang inggil, yaiku swargane Gusti. Tansah diwenahi ketenangan, ora nganti pikantuk siksane

Gusti arupa alam neraka. Dene kanggone wong kang isih urip, yaiku supaya para warga lan sakupenge pikantuk slamet, tentrem, berkah, barokah, anggone urip lan bebrayan. Amal kang bisa menehi pitulung ing alam sesuk, lan menehi kalancaran rejeki.

4.1.3.2 Slokalan

Slokalan yaiku sebutan lokal kanggone acara hadroh utawa solawatan kanggone warga Gondang. Slokalan iki amung katindakake ana ing TPDSG. Slokalan biyasane ditindakake karo para santri kang wis katunjuk utamane saka para kawula mudha Desa Gondang kalebu organisasi yaiku IPNU lan IPPNU. Slokalan utawa hadroh ing umume yaiku salah sijine kesenian kang asipat Islami, kang ing jaman saiki disenengi dening nom-noman lan bocah cilik nganti dewasa. Slokalan iki padha dene maca dedonga ananging dilagokake, utawa ditembangake. Dewi Sekardadu minangka paraga kang dipercaya lan diajeni ing jamane, dheweke nyabarake agama Islam marang pendhudhuk Gondang salah sijine lumantar pujian, utawa ayat-ayat kang dilagokake. Pujian ing kene tegese pujian marang Gusti marang Rasullulah.

4.1.3.3 Ila-ila

Ila-ila yaiku salah sijine rantaman acara kang amung ditindakake sajrone TPDSG. Teges saka ila-ila yaiku wewaraha para leluhur kuna sing kudu diestokake (awujud pepacuh, sarat, supata). Padha dene kang ditindakake sajrone ila-ila. Ila-ila iki mujudake wewarah, pitutur, piweling, utawa piwulang kang diandharake utawa diwacakake dening pawongan kang katunjuk sajrone acara. Dudutan saka andharan ila-ila yaiku talining iman, urubing cahya kumara, kukuse ngambah swarga ingkang nampi zat ingkang maha kuwaos.

4.1.3.4 Ceramah

Ceramah yaiku salah sijine cara komunikasi kanggone nyabarake ajaran-utawa piwulang-piwulang agama Islam. Acara ceramah iki ditindakake ana ing tradhisi sakloron yaiku TPDSG lan TPDSK. Ceramah iki diandharake dening pemuka agama utawa Pak Yai kang wis katunjuk dening panitia. Tujuwan anane ceramah yaiku menehi utawa nglebokake ajaran agama Islam, mengeti corak saka anane TPDSG lan TPDSK nduweni histori utawa sejarah kang gayut karo agama Islam.

4.1.3.5 Ziarah utawa Sekaran

Sekaran mujudake acara nyekar, utawa nyepyurake kembang menyang pasareyan sesepuh utawa Dewi Sekardadu. TPDSG lan TPDSK nindakake acara sekaran, nanging nduweni saperang bab kang beda. Pambada kalorone yaiku saka kembang kang digunakake, papan sekaran, lan paraga sapa wae sing nindakake sekar. Saliyane ngalap berkah, peziarah uga bisa ndeleng warisan budaya para wali, kanthi cara turun temurun dilaksanakake saben dhaerah.

4.1.3.6 Ider Ancak

Tradhisi kang nggunakake ancak yaiku namung TPDSG. Sajrone TPDSG sawise nindakake sekaran bakal nindakake ider ancak. Ider ancak yaiku tatacara warga Gondang anggone ngedum ancak nanging ora kena antuk nggone dhewe, saengga ancak kasebut diiderake. Ider ancak sajrone TPDSG diajab bisa ngraketake paseduluran lan bisa nuwuhake rasa gurup rukun, lan nriman, ora kena meri. Nadyan beda-beda isine ancak, beda-beda rasane jalaran pawongan kang beda olah-olahe nanging dadi padha, padha-padha barokahe.

4.1.3.7 Wungon

Wungon utawa kasebut uga melekan, yaiku acara kang ditindakake dening wong lanang ana ing Pasareyan Dewi Sekardadu, sasuwene awit ba'da isya nganti sadurunge subuh utawa nganti subuh. tumindak kang dilakokake yaiku jaga tirakat, kanthi melek ora turu sawengi lan nduweni tujuwan yaiku munajad marang Gusti Pengeran. Wungon iki ditindakake sawengi wutuh. Wungon utawa melekan ditindakake sajrone TPDSG lan TPDSK. Saperangan ancas utawa tujuwan saka ditindakake wungo yaiku jaga, nyuun palilah saka ditindakake tradhisi sakloron, saliyane iku wungon mujudake tradhisi bebrayan Jawa kang wajib ditindakake, lan turun temurun saben ana tradhisi sedina sadurunge kudu nindakake wungon.

4.1.3.8 Dedonga

Dedonga amung ditindakake sajrone TPDSG kang ditindakake ana ing balai desa. Saben warga kudu nggawa ambeng, saengga dedonga aneng kene katujokake kanggo ndongani ambeng lan ndongane acara kang bakal ditindakake ana ing dina kaloro yaiku dina jumat pahing.

4.1.3.9 Andhum Ambeng

Andum ambeng mujudake acara ngedumake ambeng utawa berkat kang wis digawa dening para partisipan utawa warga kang nindakake tradhisi. Andum ambeng sajrone TPDSG lan TPDSK beda banget. Awit saka urutan acarane nganti tatacara andume. Makna saka acara andhum ambeng iki yaiku ora mbeda-mbedakake saben pawongan, kabeh drajad lan bandha kang dinduweni kuwi padha ing alam donya. Sing mbedakake yaiku amal ibadah ing ngarsani Gusti Allah.

4.1.3.10 Larung

Larung utawa sekar laut utawa uga sekar sumber banyu ditindakake sajrone TPDSK lan TPDSG. Nanging ana sperangan pambada sajrone nindakake. Sajrone TPDSK larung utawa sekar laut ditindakake sawise wungon yaiku nalika tabuh loro esuk, papan panggonane kaperang dadi loro yaiku segara lan clangap. Dene sajrone TPDSG sekar sumber banyu ditindakake nalika siyang sawise acara andum ambeng kanthi papan panggonane yaiku wadhuk Gondhang. Tujuwan ditindakake larung ing

antarane yaiku kang paling utama yaiku supaya bisa dadi babagan panyengkuyung utama anggone warga nindakake pakaryan.

4.1.3.11 Kirab Woh lan Wit

Tembung kirab tegese yaiku metu bareng arak-arakan bebarengan anane wadya bala. Kirab woh lan wit namung ditindakake ana ing TPDSG. Kirab kang ditindakake yaiku kirab woh-wohan lan wit, bab kasebut wewujudan saka asil bumi warga Gondang. Saliyane iku kirab woh lan wit iki ditindakake minangka sawijine acara yaiku mengeti Hari Jadi Lamongan. Saengga kena diarani melu ngramekake acara kasebut. Sajrone kirab woh lan wit ora mung ajang minangka pameran asil bumi kanthi bentuk ngrucut kayadene tumpeng ananging uga dumadi proses adol lan tuku kang ditindakake dening pawongan minangka asil saka panenane.

4.1.3.12 Hiburan

Hiburan sajrone TPDSG lan TPDSK mujudake acara pungkasan, acara panutup saka sakabehe ritual utawa prosesi tadhisi. Hiburan sajrone TPDSG lan TPDSK nduweni pepadhan ngenani jinis hiburan yaiku wayang. Hiburan wayang ditindakake ana ing plataran pasareyan Dewi Sekardadu. Bab kang njalari pamilihe wayang sajrone acara hiburan TPDSG lan TPDSK yaiku amarga wayang salah sijine medhia kesenian kang uga digunakake para wali anggone nyebarake agama Islam.

4.3.2 Makna Simbolis Kang Kinandhut ing ubarampe TPDSG lan TPDSK

Ubarampe kang ana sajrone TPDSG lan TPDSK nduweni makna kang beda-beda kayata minangka sawijine piwulang, piweling, uga pitutur, minangka prinsip anggone nindakake bebrayan, kanggo nulak balak, kanggo mujudake pangajab awit saka gampang lancar anggone nindakake pakaryan lan liya-liyane, minangka norma sing kena dituladhani, lan saperangan makna liyane.

4.3.2.1 Tumpeng

Tradhisi kang nggunakake tumpeng minangka ubarampe yaiku TPDSG. Tumpeng nduweni maneka warna jinise, kang digunakake sajrone TPDSG yaiku tumpeng robyong. Tumpeng robyong nduweni makna minangka gegambaran kasuburan lan kasejahteraan. Puncak tumpeng mujudake lambang puncak pepengenen manungsa, yaiku kanggo nggayuh kamulyan kang sejati. Titik puncak uga mujudake kakuwasan saka Gusti kang asipat trasendental. Tumpeng kang awujud gunung gambarake kemakmuran sejati. Robyong kasebut minangka *semi* utawa *semen* yaiku tunas bakale urip utawa panguripan iku dhewe.

4.3.2.2 Ancak

Ancak kasebut amung digunakake sajrone TPDSG. Ancak kasebut nduweni pralambang kabagyan lan rejeki

kang akeh saka pawongan kang nduwe kajat saengga ngetokake ancak. Wujud saka ancak yaiku sega putih kang ditata ana ing wadhah arupa pring kang dianam wangun pasagen dianggo wadhah sega utawa ambengan. Makna kang diandhut yaiku *ngelmu pring*. Diajab warga Gondang anggone nindakake panguripan sajrone bebrayan nggunakake lelandhesan *ngelmu pring* kang uga dianut dening masyarakat Jawa. *Ngelmu pring* tegese yaiku saya suwe, saya tuwa, saya dhuwur saya ndingkluk. Maksude warga Gondang saya jaya saya tentrem nanging tetep nduweni karibadhen kang asor, ora nginggilake awake dhewe.

4.3.2.3 Ambeng

Ambeng iki salah sijine ubarampe kang digunakake sajrone TPDSG lan TPDSK. Makna kang kaandhut karo ambeng antarane TPDSG lan TPDSK padha yaiku padha-padha minangka lemah utawa bumi kang diidek dening bebrayan sing nindakake tradhisi sakloron. Dibancaki muga-muga tansah nyengkuyung lumakune babrayan kang manggon ing papan kaloro kasebut. Dibancaki supaya tansah mbiyantu lan ora ana cilaka utawa blaen kang dumadi tumrap masyarakate.

4.3.2.4 Ingkung

Ingkung mujudake lawuhan kang digunakake sajrone TPDSG lan TPDSK. Ingkung tegese manembaha ingkang linangkung tegese manungsa anggone ngibadah marang Gusti kudu tansah nyenyuwun kudu nduweni rasa kurmat kanthi wewujudan kung utawa sujud. Manungsa saben nduweni pepenginan lan ngandharake marang Gusti lumantar donga, rijungkung utawa sujud mesthi lan kudu manekung utawa kanthi ati kang wening.

4.3.2.5 Tigan

Tigan mujudake ubarape kang wajib sajrone TPDSG lan TPDSK. Tigan nglambangake saka wiji dadi, bibit, awal mulane anane manungsa. Tigan mujudake wiji dadi saka pitik, padhadene manungsa kang uga kawiwitan saka wiji dadi kang dumadi saka sawijine proses sajrone guwa garbane ibu.

4.3.2.6 Urab-urab

Urap-urap kang digunakake sajrone TPDSG lan TPDSK kayata kacang lanjaran, cambah, kangkung, bayem, lan sapanunggalane kang diwenahi sambel krambil. Urab-urab uga nglambangake urip, urub, lan urap. Urip tegese manungsa minangka sawijine reriptane Gusti Allah kudu nduweni rasa sadhar babagan saka ngendi asale panguripan, apa kang bakal ditindakake sajrone panguripan, lan tujuwan utawa ancas saka panguripan sawise mati. urub tegese manungsa sadawane urip kudu bisa menehi manfaat merang sasama, bebrayan, agama, bangsa, lan nagara. Bab kasebut jalaran pawongan kang becik yaiku pawongan kang bisa menehi paedah marang pawongan liya, banjur urap tegese yaiku sajrone sosial

utawa bebrayan, manungsa utawa pawongan kudu bisa gumbul utawa grapyak marang sapa wae, ora mbedakake adhedhasar status sosial lan liya-liyane.

4.3.2.7 Bumbu Gudangan utawa Megana

Bumbu megana utawa gudahan amung digunakake ana ing TPDSG yaiku digunakake ana ing sapinggire tumpeng minangka lelawuhan. Bumbu megana utawa gudahan digawe utawa diolah saka kluwih (kaya nangka) kang nglambangake sawijine pangajab supaya apa kang ditindakake dening bebrayan TPDSG tansah luwih.

4.3.2.8 Jajan Pasar

Jajanan pasar wajib anane ing TPDSG lan TPDSK. Jajan pasar nduweni makna minangka simbol saka panyuwunan slamet sajrone panguripan ing bebrayan, slamet anggone nglakokake sakabehe bab arupa ngudi kawruh lan nindakake pakaryan. Slamet orang mung kanthi cara fisik utawa lair ananging uga batin utawa rohanine, slamet saka bab kang ala lan nuwuhake cilaka. Saliyane iku jajanan pasar uga maujud saka pasrawungan, gegambarane pawongan siji lan pawongan liyane bisa grapyak, bisa komunikasi kanthi lancar, supaya ora ana perkara.

4.3.2.9 Krecek

Krecek mujudake ubarampe kang wajib ana ing TPDSG lan TPDSK. Krecek wujud saka beras ketan kang kumantil antara siji lan sijine, sarta ora nduweni celah utawa kena diarani raket banget. Semono uga warga kang tansah grapyak sumanak, lan raket siji lan sijine, guyup rukun lan gotong royong tanpa anane pambada saben pawongan. Krecek uga mujudake lambang saka kamakmuran warga. Bab kasebut jalaran krecek diolah saka beras ketan, dene beras ketan maujud saka simbole tani kang makmur.

4.3.2.10 Gedhang

Jinis gedhang kang digunakake sajrone TPDSG lan TPDSK yaiku gedhang raja. Gedhang pralambang saka panguripan kang ajur lan ajer. Tegese manungsa minangka makhluk sosial kudu bisa nylarasake individu marang bebrayan, bisa mentingake babagan bebrayan tinimbang awake dhewe. Padha dene wit gedhang sing bisa ditandur ana papan ngendi wae. Manungsa uga kudu bisa grapyak ana ngendi wae papane. Saliyane kuwi, wit gedhang yaiku salah sijine wit sing nduweni piguna ing saben bageyane, awit saka godhong, wohe, gedebok, lan liya-liyane. Diajab manungsa uga bisa migunani tumrap sapepadhane. Bisa tetulung lan guyup rukun, sarta gotong royong anggone nindakake panguripan. Tembung gedhang dhewe nduweni makna kang uga mujudake simbol sing diugemi dening masyarakat yaiku gumreget nyuwun pepadhang.

4.3.2.11 Pala Pendhem

Pala pendhem yaiku ubarampe kang wajib ana sajrone TPDSG. makna saka ubarampe pala pendhem

yaiku simbol saka wardine jagad gumelar kalebu pati, kiyamat, lan sumber-sumber kang ana sajrone bumi saengga bisa nyengkuyung panguripane manungsa. Anane pala pendhem diajab bebrayan Gondang tansah eling lan percaya ngenani bakal ana tekane dina pungkasan, dina wales tumrape amal ibadah kang wis ditindakake. Mula ora kena nglalekake ngibadah kang laras karo agama Islam, ora kena nindakake samubarang kang haram lan ora disenengi dening Gusti Allah.

4.3.2.12 Kembang Setaman

Kembang setaman yaiku kembang kang rupane maneka warna digunakake nyekar utawa sajen nalika nindakake TPDSG lan TPDSK. Kembang setaman kang digunakake sajrone TPDSG lan TPDSK kaperang macem lan jinise, saben jinis kang beda uga nduweni makna kang beda-beda.

1) Kembang Kenanga

Tembung kenanga asale saka tembung keneng-a tegese prentah kanggone nggayuh. Nggayuh ateges mujudake sakabehe bab kang dadi pepeningan kang dadi cinta-cita. Saliyane iku kembang kenanga uga mujudake simbol utawa gegambaran supaya para kawula mudha lan bebrayan kang ana ing jaman saiki tansah ngrembakake tradhisi-tradhisi minangka warisan leluhur kayata TPDSG lan TPDSK. Teges saka keneng-a yaiku nggayuh sakabehe bab luhur kang wis digayuh dening para sesepuh. Minangka tuladha kang kudu diamalake utawa ditrapakake sajrone panguripan ing bebrayan.

2) Kembang Kanthil

Kembang kanthil nduweni teges yaiku kanthi laku tansah kumanthil. Pepeling anggane generasi mudha ngudi kawruh. Minangka simbol pepeling kanggone nggayuh ilmu iku kudu dilakokake kanthi laku. Maksud kanggo nggayuh ilmu agama sarta kasuksesan lair lan batin kang ora cukup amung ditindakake lumantar donga. Nanging kudu ana upaya kang ditindakake. Tembung kumanthil dhewe nduweni makna supaya tansah kanthil utawa cedhak marang Gusti lan marang sapaadha.

3) Kembang Mlathi

Tembung mlathi tegese rasa melad saka njero ati yaiku sajrone tutur lan catur kudune pawongan nduweni rasa kang tulus saka ati nuranine. Kanthi cara lair batin ora ana babagan apus-apus. Saengga sajrone nindakake sawijine bab ora asal, ora ngawur, lan ora grusa grusu. Kembang mlathi uga nduweni teges sakabehe bab kuwi ora mung lumantar nalar anggane ngecakake ananging uga kudu dirasa ekhlas saengga anggane nindakake ora ana rasa ngganjel utawa ora kepenak. Tuladhane yaiku nalika menehi pitulungan marang sijine pawongan kudu nduwe rasa tulus tanpa anane pangarep-arep supaya antuk walesan.

4) Kembang Mawar

tembung mawar tegese mawi arsa, maksud yaiku saben-saben nindakake sawijine bab kudu ekhlas, lila, lan nrima. Ora kena nindakake sawijine bab kanthi setengah-setengah, nanging kudu legawa lan tulus, saengga ken diarani manungsa kuwi kudu duwe rasa, ora duwe rasa duwe. Katadene manungsa kuwi kudu bisa rumangsa, nanging aja rumangsa bisa. Pawongan kuwi kudu sadhar ngenani rasane, aja nganggep dheweke paling saka sakabehe. Mawar uga maujud saka awar-awar ben tawar. Bab kasebut mujudake upaya kanggone pawongan supaya ningkatake rasa lila legawa anggane nindakake sawijine bab.

4.3.2.13 Sapu Kerik

Sapu kerik amung digunakake ana ing TPDSK. Pethikan wawancara ing ndhuwur nuduhake simbol utawa makna panggunane sapu kerik. Sapu kerik kang digunakake minangka salah sijine ubarampe sajen sajrone larung utawa sekar laut, sadurunge kudu diobong dhisek. Kagiyanan obong sapu kerik nduweni simbol kapitayane masyarakat Ketingan ngenani kebul utawa beluk kang diasilake saka proses obong bisa ngiring pangarepan utawa pepeningan sarta pangajab warga Ketingan.

4.3.2.14 Benang Lawe

Benang lawe minangka salah sijine ubarampe kang wigati lan wajib ana sajrone TPDSG. Benang lawe kang digunakake sajrone TPDSG wernane putih. Benang lawe iki dideleh utawa digunakake ana ing sajrone sajen larung utawa sekar sumber banyu yaiku wadhuk Gondang. Benang lawe mujudake piranti kang nduweni simbol minangka nyawijine paseduluran antarane warga Gondang lan sakupenge.

4.3.2.15 Dhuwit Receh

Dhuwit receh mujudake ubarampe kang kalebu bageyane sajen sajrone TPDSG. Makna saka dhuwit receh kaperang dadi loro yaiku minangka sodakoh warga Gondang. Sodakoh marang rejeki kang wis diantuk saka asil tindak pakaryane, banjur kaloro yaiku minangka reresik dhiri saka dosa.

4.3.2.16 Ublik utawa Senthir

Ubluk mujudake ubarampe kang digunakake sajrone TPDSG. Makna kang diandhut karo ublik utawa senthir yaiku minangka pepadhang. Pepadhang kang dimaksud yaiku patuduh sajrone panguripan. Tuntunan sing bisa migunane kanggone umat, lelandhesan sing bisa menehi panyuruh supaya tansah nindakake kabecikan lumantar sawijine jaran utawa hidayah kang kasebut agama Islam.

4.3.2.17 Klasa

Klasa mujudake salah sijine ubarampe kang wajib sajrone TPDSG. . Makna saka digunakake klasa yaiku, supaya manungsa eling tansah dadi pawongan kang andhap asor.

4.4 Wujud Komparasi TPDSG Lan TPDSK

Etnologi mujudake ilmu kang nyinaoni sawijine budaya utawa tradhisi kang diduweni sawijine bebrayan tartamtu kanthi mbandhingake budaya utawa tradhisi kasebut kanggo mangerteni pambada lan pepadhane, kalebu TPDSG lan TPDSK.

4.4.1 Aspek Kang Beda

Aspek pambadane yaiku kadeleng saka saperangan sosial panyengkuyung lan babagan sajrone tradhisi ing antarane yaiku (1) jenenge tradhisi; (2) sipate tradhisi; (3) pundhen pakurmatan; (4) sejarah; (5) wektu nglakoni; (6) papan panggonan larung; (7) pelaku tadhisi; (8) ritual; (9) miwiti ritual larung; (10) tata busana; (11) urutan tatalaku; (12) ubarampe; (13) ritual sekaran; lan (14) prosesi andum ambeng.

Saka saperangan dhata kang nuduhake pambada utawa komparasi antarane TPDSG lan TPDSK, nuduhake maneka wernane budaya lan tradhisi kang ana lan tuwuh ing sajrone bebrayan Jawa. TPDSG lan TPDSK kang katindakake ana ing Kabupaten Lamongan lan Sidoarjo maujud saka panyuwunan gampang lancar anggone nindakake pakaryan, lan mengeti jasa-jasane Dewi Sekardadu. Sejatine tradhisi sakloron ditindakake minangka wujud saka kapitayan bebrayane kanggone ngalap berkah lan pangucap rasa syukur marang Gusti kang sampun pinaringan asil bumi utawa panen ing papane dhewe-dhewe.

Unsur pambada utawa komparasi adhedhasar tabel ing dhuwur bisa dijupuk dudutan yaiku saka faktor kang dadi panyebab lan dipercaya dening masyarakat desa. Awit saka sipate kang nuduhake yen TPDSG luwih sakral tinimbang TPDSK. Dene saka urutan tatalaku kalorene padha-padha diwiwiti karo acara tahlil. Kanggo wektune TPDSG luwih tamtu yaiku bebarengan karo Hari Jadi Lamongan, dene TPDSK ora tamtu. Bab kasebut jalaran ana owah-owahan saka tatalaku lan pawongan minangka panitia tradhisi. Owah-owahan kasebut nggawa pengaruh kanggo warga Ketingan lan sakupenge anggone nindakake TPDSK yaiku kanthi manut karo pamitia saka dinas kabudayan Sidoarjo. Banjur pundhen-pundhen kang nyengkuyung saperangan ritual utawa prosesi sajrone TPDSG lan TPDSK uga beda. Ing dina kapisanan TPDSG, pundhen kang disekar yaiku pasareyan Dewi Sekardadu, gundhukan lemah, cungkup 2 mujudake makam saka juru kunci wiwitan. Dene ing dina kapisanan TPDSK amung fokus menyang Pasareyan Dewi Sekardadu.

TPDSG lan TPDSK wis didadekake agenda resmi lan taunan dening pamarintah Kabupaten Lamongan lan Kabupaten Sidoarjo. Nanging kalorene nduweni tatalaku lan pelaksanaan kang beda. TPDSK luwih nengenake bab agama lan religius, saengga luwih neges ana ing acara

tahlil lan ceramah. TPDSG ngalami owah-owahan saka aspek tatalaku lan paraga. Panitia kang ngatur TPDSG yaiku saka Dinas Kabudayan langsung, dene saka tatalaku acara hiburan ora mesthi ditindakake. Pagelaran wayang ora mesthi ditindakake jalaran kahanan ekonomi warga kang uga owah. Dene TPDSG tatalaku lan ubarampene kang wis tumata apik kayadene acara festival dhaerah, apamaneh dibarengake karo Hari Jadi Lamongan. Warga Gondang uga nganggep tradhisi kasebut dadi festival taunan kang katindakake ana ing desane.

4.4.2 Aspek Kang Padha

Aspek pepadhane TPDSG lan TPDSK bakal kaandharake ing ngisor iki:

- 1) TPDSG lan TPDSK ditindakake saben setaun pisan.
- 2) TPDSG lan TPDSK padha-padha diwiwiti karo acara tahlil.
- 3) TPDSG lan TPDSK ditindakake ana ing pasareyan, lan nduweni sawijine ritual utawa prosesi kang padha yaiku sekar laut utawa sumber banyu arupa nglitirake sajen.
- 4) TPDSG lan TPDSK nduweni ancas padha. Sepisanan yaiku mengeti jasa-jasane Dewi Sekardadu. Kaloro mujudake rasa syukur marang Gusti Allah lumantar digampangake nindakake pakaryan lan antuk seger kewarasan. Sarta ngrembakake warisan budaya Jawa saka leluhur supaya tansah lestari.
- 5) Kanggo njunjung Dewi Sekardadu kang dipercaya masyarakat sakupeng bisa menehi berkah tumrap panguripan bebrayan.
- 6) TPDSG lan TPDSK padha-padha pikantuk kawigaten lan panyengkuyung saka pamarintah. TPDSG lan TPDSK padha-padha ora nggunakake utawa nyebut para danyang kang mbaureksa. Bebrayan sakupeng percaya kang mbaureksa desa sakloron yaiku Dewi Sekardadu.

Saka pitung aspek pepadhan kang ana sajrone TPDSG lan TPDSK, bisa dijupuk dudutan yen tradhisi kang ngrembaka lan ditindakake ana ing saben-saben papan ora mung nduweni aspek pambada nanging uga nduweni bab pepadhan. TPDSG lan TPDSK mujudake tradhisi kang nduweni jejuluk beda nanging kanthi cara histori utawa sejarah sarta tokoh kang diugemi padha, saengga kalorene bisa dibandhingake. Sejatine tradhisi kang ana ing Indonesia akeh jinise lan maneka warna, bab kasebut bisa nuwuhake wujud komparasi. Wujud komparasi kang ana sajrone TPDSG lan TPDSK minangka bukti saka ragame budaya lokal kang ngrembaka ing masyarakat. Tradhisi kang ana ing saben dhaerah utawa papan dadi sawijine ciri khas saka dhaerah kasebut, mula dening pamarintah Kabupaten Lamongan lan Sidoarjo tradhisi sakloron dirembakakake.

4.5 Upaya Pelestarian Masyarakat Tumrap TPDSG Lan TPDSK

Tatacara anggone nglestarekake budaya miturut Koentjaraningrat (2010: 185-189) kaperang dadi telu yaiku (1) *Internalisasi*; (2) *Sosialisasi*; (3) *Enkulturasasi*.

4.5.1 Internalisasi

Internalisasi yaiku upaya nglestarekake kabudayan lumantar rasa kang dинуweni manungsa, antarane hasrat, nepsu, lan emosi sarta rasa sing ora puas saengga tuwuh rasa nglestarekake saka awake dhewe lan tradhisi. Kanthi wujud panyurung utawa motivasi kang tuwuh saka awake dhewe. Budaya utawa tradhisi kang ngrembaka ana ing bebrayan mujudake ciri khas kang dинуweni. Mula bebrayane uga nduweni rasa kanggo ngrembaka lan nyengkuyung tradhisi., kalebu bebrayan kang nindakake TPDSG lan TPDSK.

4.5.2 Sosialisasi

Sosialisasi yaiku sawijine proses kang ditindakake kanthi cara turun-temurun kang wis ditindakake uga wiwit jaman biyen nganti saiki. Sosialisasi kang diasilake maujud saka manungsa minangka makhluk sosial, kang mesthine mbutuhake wong liya sajrone panguripan. Sajrone andharan kasebut saperangan organisasi sosial kang nyengkuyung lumakune pangrembakan tradhisi. Mligine dening kawula mudha.

4.5.3 Eksternalisasi

Eksternalisasi yaiku mujudake pengaruh saka masyarakat liya sajabane, kang melu anyengkuyung tradhisi lan melu nglestarekake tradhisi utawa kabudayan dhaerah tartamtu. bab kang kalebu enkulturasasi, sepisanan yaiku bisa saka imigran, utawa warga pindahan, kaping lorone saka pamarintah kang uga melu nyengkuyung nindakake TPDSG lan TPDSK.

PANUTUP

5.1 Dudutan

TPDSG lan TPDSK kalebu budaya lokal kang asale saka crita lan kapercayan bebrayane. Crita kasebut awujud lesan lan dicritakake kanthi cara turun temurun, saengga nuwuhake tradhisi kang nganti saiki kacampur marang tindakan arupa tatalaku lan ubarampe kang bisa ditrima dening masyarakat. TPDSG lan TPDSK dilaksanakake saben setaun sepisan kanthi wektu kang beda, nanging ancasa padha. TPDSG lan TPDSK mujudake tradhisi kang dilaksanakake kanggo ngucap rasa syukur dhumateng Gusti Allah, mengeti jasa-jasane Dewi Sekardadu, lan dedonga bareng kanthi panyuwunan supaya gampang lancar anggone nindakake pangupajiwa. TPDSG lan TPDSK nduweni crita mula buka kang beda. Ananging kalorone nduweni sejarah ngenani paraga kang diajeni yaiku Dewi Sekardadu kang padha.

TPDSG lan TPDSK nduweni makna filosofi kang kinandhut sajrone tradhisi kalebu ana ing ubarampe lan

tatalaku. Ubarampe lan tatalaku kalorone nduweni pambada ana ing urutan tatalaku nanging saka kalorone nduweni makna kang padha.

Wujud komparasi sajrone TPDSG lan TPDSK kaperang dadi loro yaiku aspek pambada lan aspek pepadhan. Aspek pambadane yaiku kadeleng saka saperangan sosial panyengkuyung lan babagan sajrone tradhisi ing antarane yaiku (1) jenenge tradhisi; (2) sipate tradhisi; (3) pundhen pakurmatan; (4) sejarah; (5) wektu nglakoni; (6) papan panggonan larung; (7) pelaku tradhisi; (8) ritual; (9) miwiti ritual larung; (10) tata busana; (11) urutan tatalaku; (12) ubarampe; (13) ritual sekaran; lan (14) prosesi andum ambeng. Aspek pepadhane yaiku (1) ditindakake saben setaun pisan; (2) diwiwiti karo acara tahlil; (3) ditindakake ing pasareyan lan padha-padha ana sekar laut utawa sumber banyu utawa uga larung; (4) nduweni ancasa padha yaiku mengeti jasa-jasa Dewi Sekardadu, minangka wujud rasa syukur anggone digampangake nindakake pakaryan, lan nguri-uri budaya; (5) ngalap berkah kanggone masyarakat sakupeng; (6) padha-padha pikantuk panyengkuyung saka pamarintah; lan (7) padha-padha ora anane danyang kang mbaureksa desa.

TPDSG lan TPDSK ora nate *vacuum* jalaran wis dadi kabiasaan para warga sakupenge. Upaya pelestarian budaya dhaerah kang bisa ditindakake karo para warga desa lan masyarakat sakupenge lumantar telung unsur yaiku (1) internalisasi, yaiku upaya pelestarian kang tuwuh saka indhividune dhewe-dhewe awujud rasa nduweni TPDSG lan TPDSK; (2) Sosialisasi, yaiku upaya pelestarian kang tuwuh saka sosialisasi wargane kanthi wujud cecaturan lan sapanunggalane, bab kasebut gayut karo prinsip ngelmu bebrayan Jawa yaiku tutur tinular utawa gethok tular; (3) Enkulturasasi, yaiku upaya pelestarian kang tuwuh saka sakjabane bebrayan utawa desa, tuladhane saka imigran lan panyengkuyung saka pamarintah.

5.2 Pamrayogi

Panliten ngenani TPDSG lan TPDSK mujudake panliten kang mbutuhake pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Tradhisi kang ditindakake saben setaun pisan iki, dikarepake supaya isih ngugemi lan nguri-uri budaya Jawa kang ana ing jaman saiki. TPDSG lan TPDSK ditindakake maujud saka rasa syukur marang Gusti Pengeran, medhia masyarakat panyengkuyung anggone ngalap berkah, lan rasa kurmat marang leluhur, sarta wewujudan anggone nguri-uri budaya. Panliti nduweni pangarep-arep kanthi anane panliten ngenani TPDSG lan TPDSK iki, bisa migunani tumrap pamaca uga panliten saemper sabanjure, jalaran akeh banget tradhisi lan budaya kang ngrembaka ing bebrayan Jawa saben papan, menahi kawigaten dhewe sajrone panliti nindakake panliten.

KAPUSTAKAN

- Bagus, Ida. 2016. *Teknik Wawancara dan Observasi untuk Pengumpulan Bahan Informasi*. Bali: Cipta Udayana.
- Bungin, Burhan. 2007. *Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Kencana
- Danandjaja, James. 1997. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PT. Midas Surya Grafindo.
- Endraswara, Suwardi. 2015. *Etnologi Jawa: Penelitian, Perbandingan, dan Pemaknaan Budaya*. Yogyakarta: CAPS .
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik, Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Medyatama.
- Farida, Yusuf. 2000. *Evaluasi Program dan Instrumen Evaluasi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Harsojo. 1988. *Pengantar Antropologi*. Bandung: Binacipta.
- Herusatoto, Budiono. 2003. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graham Widya.
- Hersapandi dkk. 2005. *Suran Antara Tradhisi dan Ekspresi Seni*. Yogyakarta: Pustaka Marwa
- Jacobus, Ranjabar. 2006. *Sistem Sosial Budaya Indonesia: Suatu Pengantar*. Bogor: Ghalia Indonesia
- Kaplan dan Manner. 2000. *Teori Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Koentjaraningrat. 2010. *Manusia dan Kebudayaan Indonesia*. Jakarta: Djambatan
- Koentjaraningrat. 2009. *Edisi Revisi Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Koentjaraningrat. 2004. *Manusia dan Kebudayaan Di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- Kuntowijoyo. 1999. *Pengantar Ilmu Sejarah*. Yogyakarta: Bentang Budaya
- Maran. 2007. *Pengantar Logika*. Jakarta: Grasindo
- Maryaeni .2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara
- Moleong , Lexy J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Muslich, Hanief dkk. 2001. *Ziarah Kubur Wisata Spiritual*. Jakarta: Al Mawardi Prima
- Nazir, Moh. 2005. *Metode Penelitian*. Jakarta: Ghalia Indonesia
- Poerdarwinta. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Rendra, 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: PT Gramedia
- Soerjono, Soekanto. 2006. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Solikhin, Muhammad. 2009. *Kanjeng Ratu Kidul dalam Perspektif Islam Jawa*. Yogyakarta: Narasi. Diunduh tanggal 6 Januari 2020. <https://books.google.co.id/book.com>
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2007. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta
- Sumardjo, Jacob. 2006. *Arkeolog Budaya Indonesia*. Jakarta Balai Pustaka
- Suseno, F.M. 2003. *ETIKA JAWA: Sebuah Analisa Falsafi Tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Sutarto Ayu dan Sudikan, Setya Yuwana. 2008. *Pemetaan Kebudayaan di Propinsi Jawa Timur*. Jember: Biru Mental Spiritual Jatim dan Kompyawisda Jatim
- Suwarni. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Bintang
- Suwarni dan Widayati. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang.